

Chanjman Enpòtan nan Pwogram Medicaid la

Enfòmasyon ki anba la a pral pale sou chanjman enpòtan nan Pwogram Medicaid la ki poko nan liv 1 ak 2. Ou dwe li enfòmasyon sa a ak anpil atansyon.

Liv 1, LDSS-4148A – Sa Ou Ta Dwe Konnen Sou Dwa Ou Ak Responsablite Ou (Lè w ap Aplike Pou Avantaj yo oswa Lè w ap Resevwa Avantaj yo)

Paj 3 Dwa

Aplikasyon

- Ou pa bezwen yon entèvyou pou aplike pou Medicaid. Ou ka voye aplikasyon Medicaid ou fin ranpli a nan biwo depatman sèvis sosyal lokal ou a oswa ou ka kontakte yon moun ki fasilité enskripsiyon pou ede ou ak aplikasyon ou a. Si ou ranpli aplikasyon LDSS-2921 pou Asistans Tanporè epi w ap aplike pou Medicaid tou, pa blyie mete yon kwa sou tibwat pou Asistans Tanporè ak Medicaid sou premye paj aplikasyon an.

Paj17

Responsablite pou Bay Prèv

Si ou pral gen 65 lane nan 3mwa k ap vini yo oswa ou gen 65 lane oswa plis, ou ka kalifye pou plis avantaj medikal nan pwogram Medicare a. Ou oblige aplike pou Medicare paske se yon kondisyon pou ou kalifye pou Medicaid.

Medicare se yon pwogram asirans sante federal pou moun ki gen plis pase 65 lane ak pou sèten moun ki gen andikap kèlkeswa revni yo. Lè yon moun gen Medicare ansanm ak Medicaid, Medicare peye avan epi Medicaid peye apre.

W ap bezwen aplike pou Medicare si:

- Ou gen Ensifizans Renal Kwonik oswa Amyotrophic Lateral Sclerosis (ALS) (Esklewoz Lateral Amyotwofik) ; **OSWA**
- Ou pral gen 65 lane nan 3 mwa k ap vini yo oswa ou deja gen 65 lane oswa plis EPI revni ou se 120% nivo pòvrete federal la oswa pi ba (selon kantite moun ki sipoze nan kay ou yon moun ki selibatè oswa koup ki marye) oswa li nan estanda Medicaid la. Si se sa, pwogram Medicaid la kapab peye ou oswa ranbouse prim Medicare ou yo. Si pwogram Medicaid la kapab peye prim ou yo, w ap oblige aplike pou Medicare kòm yon kondisyon pou w kalifye pou Medicaid.

Paj 21

Responsablite pou Bay Prèv (vèsyon 2/07)

- Si ou poko gen 65 lane oswa plis, yo sètifye yo kòm avèg oswa yo sètifye yo kòm andikape, ou pa bezwen di nou anyen konsènan resous ou yo.

Chanjman Enpòtan nan Pwogram Medicaid la

Automatic Finger Image System (AFIS) (Responsablite pou Enskri nan Sistèm Anprendre Otomatik)

- Medicaid pa egzije pou ou pran anprendre ou oswa pou ou vini nan biwo lokal depatman sèvis sosyal la espesyalman pou pran yon foto pou ba ou yon pyès idantite ankò.

Paj 30 (vèsyon 2/07)

Pa Konte Sipò Timoun – Medicaid

- Nou pa konte premye \$100.00 ou resevwa pou chak timoun pou sipò timoun pou detèmine si oumenm oswa ptit ou kalifye pou Medicaid. Lè yo sètifye yon timoun kòm avèg oswa yo sètifye li kòm andikape, yon tyè (1/3) peman sipò timoun nan resevwa nan men yon paran ki absan pa konte pou detèmine si timoun nan kalifye pou Medicaid.

Responsablite pou fè yon Tès pou Abi Alkòl ak Dwòg pou Medicaid

- Aplikan ak benefisyè Medicaid yo pa bezwen fè yon tès ak evalyasyon pou abi alkòl ak dwòg ni yo pa gen obligasyon pou al resevwa tretman pou pwoblèm sa yo ankò.

Paj 31

Responsablite Konsènan Itilizasyon Founisè Swen Sante Medicaid

- Lè yo apwouve ou pou Medicaid, ou kapab antre nan yon plan sante Swen Kowòdone Medicaid. Nan kèk Konte, ou ka gen obligasyon pou antre nan yon plan. Si ou bezwen enfòmasyon konsènan ki plan ki disponib nan Konte ou a, nan ki plan doktè ou a enskri ak si ou oblige antre nan yon plan Swen Kowòdone, tanpri rele New York Medicaid Choice nan 1-800-505-5678. Ou ka rele oswa ale nan biwo lokal depatman sèvis sosyal ou a tou. Si ou gen yon doktè ou vle kontinye wè, ou dwe tcheke pou wè si li enskri nan plan sante Swen Kontwole Medicaid ou antre ladan an. Lè ou antre nan yon plan sante Swen Kowòdone Medicaid, w ap resevwa yon kat asirans sante apa de plan ou.
- Ou pral itilize kat plan sante Swen Kowòdone Medicaid ou a pou jwenn aksè nan pifò sèvis Medicaid ki garanti. Medicaid ap toujou garanti kèk sèvis. Kontakte plan sante ou si ou gen nenpòt kesyon konsènan sèvis ki garanti yo.

Chanjman Enpòtan nan Pwogram Medicaid la

Liv 2, LDSS-4148B – Sa Ou Ta Dwe Konnen Sou Pwogram Sèvis Sosyal - Kesyon ak Repons

Paj 9

Seksyon B

Si ou pral gen 65 lane nan 3mwa k ap vini yo oswa ou gen 65 lane oswa plis, ou ka kalifye pou plis avantaj medikal nan pwogram Medicare a. Ou oblige aplike pou Medicare paske se yon kondisyon pou ou kalifye pou Medicaid.

Medicare se yon pwogram asirans sante federal pou moun ki gen plis pase 65 lane ak pou sèten moun ki gen andikap kèleswa revni yo. Lè yon moun gen Medicare ansanm ak Medicaid, Medicare peye avan epi Medicaid peye apre.

W ap bezwen aplike pou Medicare si:

- Ou gen Ensifilan Renal Kwonik oswa Amyotrophic Lateral Sclerosis (ALS) (Esklewoz Lateral Amyotwofik); **OSWA**
- Ou pral gen 65 lane nan 3 mwa k ap vini yo oswa ou deja gen 65 lane oswa plis EPI revni ou se 120% nivo pòvrete federal la oswa pi ba (selon kantite moun ki sipoze nan kay pou yon moun ki selibatè oswa koup ki marye) oswa li nan estanda Medicaid la. Si se sa, pwogram Medicaid la kapab peye ou oswa ranbouse prim Medicare ou yo. Si pwogram Medicaid la kapab peye prim ou yo, w ap oblige aplike pou Medicare kòm yon kondisyon pou w kalifye pou Medicaid.

Paj 10

Prenatal Care Assistance Program (PCAP) (Pwogram Asistans ak Swen Prenatal)

- Nou pa itilize ekspresyon « Prenatal Care Assistance Program » (PCAP) (Pwogram Asistans ak Swen Prenatal) ankò. Nou dwe ranplase PCAP ak “Medicaid pou fanm ansent.”

Paj 12

Benefisyè ki pa Oblige Peye Kopeman

- Benefisyè Medicaid ak moun ki nan Pwogram Avantaj Planing Familyal (Family Planning Benefit Program, FPBP) pa bezwen peye kopeman pou okenn sèvis planing familyal, tretman, oswa pwodwi, ak preskripsyon ladan, si yo garanti.

Chanjman Enpòtan nan Pwogram Medicaid la

Paj 13

Poukisa pou mwen antre nan yon Plan Swen Kowòdone Medicaid ?

- Pifò plan Swen Kowòdone Medicaid ofri plis pwofesyonèl swen sante pou ou chwazi pami yo pase Medicaid regilye (Frè Pou Sèvis). Ou ka chwazi pwòp Primary Care Provider(PCP) (Pwofesyonèl Swen Prensipal) ou, ki vle di ou pa p bezwen ale nan saldijans pou swen medikal ki pa menase vi ou. Pwofesyonèl Swen Prensipal ou pral ba ou yon referans lè ou bezwen al wè yon espesyalis. Ou ka rele Pwofesyonèl Swen Prensipal ou oswa yon nimewo telefòn plan sante 24 è sou 24 si ou panse ou bezwen swen medikal.
- Gen plis enfòmasyon disponib sou sitwèb New York State Department of Health <http://www.health.ny.gov>

Paj 14

Èske Mwen Sipoze Anile Nenpòt Lòt Asirans Sante Mwen Deja Genyen?

- Non. Si w ap peye prim asirans sante, Medicaid ka ede ou peye yo.

Paj 18

Si ou Gen Nenpòt Keson

- New York Health Options se yon sant pou pwogram Medicaid New York ak Child Health Plus (CHP) (Sante Timoun Plis), tanpri rele 1-800-541-2831. Si ou bezwen enfòmasyon konsènan ki plan ki disponib nan Konte ou a, nan ki plan doktè ou a ye ak si ou oblige enskri, tanpri rele New York Medicaid Choice nan 1-800-505-5678.

Paj 25 – Seksyon E

Kisa pou Mwen fè si Dosye Medicaid Mwen Fèmen?

- Transitional Medical Assistance (TMA) (Asistans Medikal pou Tranzisyon) disponib pou 12 mwa si w t ap resevwa Medicaid pou Fanmi ak Revni Ba nan youn nan sis (6) mwa ki sot pase yo.